# KAMER ANSAMBLINIŃ DÓRETIWSHILIK KESHESI

*Kamalova Gúlmaryam Maqsetdullaevna, Pirnazarov Begis Ikram ulı*
*Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialı,*
*"Ulıwma kásiplik hám social gumanitar pánleri kafedirası",*
*"Kórkem ónertanıw" qánigeligi.*

**Annotaciya**: Bul maqalada 12-Noyabr kúni bolıp ótken Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialınıń tarlı sazlar orkestriniń kamer ansambli tárepinen ótkerilgen koncerti haqqında maǵlıwmatlar berilgen. Bunan basqa koncertte atqarılǵan namalar, solistler tuwralı aytıp ótildi.

**Tayanısh túsinikler**: Koncert, orkestr, dirijyor, muzıka, mádeniyat, skripka.

**Аннотация:** В этой статье представлена информация о концерте, состоявшемся 12 ноября, который был исполнен камерным ансамблем Нукусского филиала Государственной консерватории Узбекистана. Также предоставлены данные о произведениях, исполненных на концерте, и солистах, принимавших участие в выступлении.

**Базовые понятия:** Концерт, оркестр, дирижер, музыка, культура, скрипка.

**Abstract:** This article provides information about a concert that took place on November 12, which was performed by the chamber ensemble of the Nokis branch of the State Conservatory of Uzbekistan. It also provides information about the pieces performed at the concert and the soloists who took part in the performance.

**Basic concepts:** Concert, orchestra, conductor, music, culture, violin.




2024-jılı 12-Noyabr kúni mádeniyat kúnleriniń biri boldı, sol kúni saat 15:00 de Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialınıń úlken zalında "Saz atqarıwshılıǵı" kafedrasınıń docenti w.w.a, dirijyor Maxmud Zuxurov basshılıǵında tarlı sazlar orkestriniń kamer ansambli tárepinen ótkerilgen koncert júda joqarı dárejede bolıp ótti. Ilajdı filialımız direktorı Rudakiy Allanbaev óziniń jıllı sózleri menen koncertti ashıp berdi, ol óz sózinde dáslep filialımızdıń saz atqarıwshılıǵı kafedrasında iskerlik kórsetip kiyatırǵan, kóplegen qábilyetli shákirtlerdiń ustazı Maxmud Zuxurov haqqındaǵı óziniń jaqsı pikirlerin tamashagóylerge bildirip ótti. Koncert dawamında shet el kómpozitorları tárepinen jazılǵan sulıw namalar zalda otırǵan tamashgóyler júreginiń tórininen orın aldı dep biymalel ayta alamız.

Ilajda tómende kórsetilgen namalar atqarıldı:

V.A.Motsart – Divertimento D-dur

A.Dvorjak – Slavyan ayaq oyını

T.Vitali – skripka hám tarlı ásbaplar ushın chakona

I.S.Bax – Klavir koncert G-dur. 1-bólim

I.S.Bax – Klavir koncert d-moll. 1-bólim.

Koncert tarlı sazlar orkestri kamer ansambline Maxmud Zuxurovtıń ózi dirijyorlıq qıldı.

Solistler:

Nodirbek Rozmatov (skripka)

Asemay Sagidanova (fortepiano)

Ramuza Reyimbaeva (Fortepiano)

Kamer ansambliniń talantlı student-jasları tárepinen janlı atqarılǵan namalar adamǵa sezim hám ózgeshe keypiyat baǵıshladı.

Usınday mádeniyat kúnleri hám bir qansha koncertler kóbirek bolıp tursa, kompozitorlardıń jazǵan namalarına hám de muzıkaǵa degen oy pikirlerimiz, túsinigimiz jánede artadı. Koncertke qatnasqan filialımız student-jaslarına ele de bunanda joqarı shoqılarǵa erisiwine hám dóretiwshilik jumıslarına tabıslar tilep qalamız.



